

Kijan pou m depoze yon chèk oswa yon òdonans pèman sou kont Plan Dirèk Nouyòk 529 (Direct Plan NY 529) ou a:

Si ou gen yon kont *Plan Dirèk NY 529*, ou ka voye yon chèk oswa yon òdonans pèman pa lapòs pou w fè yon depo. Pou ou fè sa, konplete etap sa yo:

Pou depoze yon chèk:

- 1 Ekri yon chèk pou “New York’s 529 College Savings Program Direct Plan.” Asire w mete nimewo kont ou nan kazyè memo ki sou chèk la
- 2 Telechaje epi ranpli fòmilè “Additional Purchase Form” nan sou <https://www.nysaves.org/home/forms.html>. Si w pa gen aksè a yon enprimant, ou kapab ekri enfòmasyon yo mande yo apa sou yon fèy papye epi voye l pa lapòs ansanm avèk chèk la.
- 3 Voye pa lapòs chèk ou a ansanm avèk fòmilè “Additional Purchase Form” ou an byen ranpli nan:

New York’s 529 College Savings Program *Direct Plan*
P.O Box 55440
Boston, MA 02205-8323

Ou kapab ekri nenpòt montan sou chèk yo. Si yo resevwa chèk ou pa lapòs an bon kondisyon avan 4:00pm ET nan yon jou ouvrab, l ap soti sou kont ou a nan demen. Si yo resevwa li an bon kondisyon aprè 4:00pm ET nan yon jou ouvrab, l ap soti sou kont ou nan apre.

Kontinye sou pwochen paj la →

Kijan pou m depoze yon chèk oswa yon òdonans pèman sou kont Plan Dirèk Nouyòk 529 (Direct Plan NY 529) ou a:

Pou depoze yon òdonans pèman:

- 1** Achte yon money order (òdonans pèman) ki vo jiska 100\$ nenpòt kote yo vann yo. Sonje pi fò machann yo mande yon kòb frè pou chak òdonans. Nan Seksyon “recipient” la ekri, “New York’s 529 College Savings Program Direct Plan” ak nimewo telefòn ou.
- 2** Telechaje epi ranpli fòmilè “Additional Purchase Form” nan sou <https://www.nysaves.org/home/forms.html>. Si pa gen aksè a yon enprimant, ou kapab ekri enfòmasyon yo mande yo apa sou yon fèy papye epi voye l pa lapòs ansanm avèk òdonans pèman w nan.
- 3** Voye pa lapòs òdonans ou an ansanm avèk fòmilè Additional Purchase Form nan byen ranpli nan:

New York’s 529 College Savings Program *Direct Plan*
P.O Box 55440
Boston, MA 02205-8323
- 4** Asire ou pa jete resi òdonans ou an. Si money order (òdonans pèman) ou an pèdi nan lapòs, ni “NYC Kids RISE” ni “New York’s 529 College Savings Program” p ap responsab. W ap bezwen swiv enstriksyon ki sou resi w la yon fason pou w ka jwenn ranbousman.

Montan Maksimòn pou yon depo òdonans senp se 100\$. Si ou depoze plis pase 5.000\$ nan money order (òdonans) nan yon sèl ane sivil, kont ou a kapab dekontrakte pou aktivite sispèk selon regleman Patriot act. Pou plis enfòmasyon, kontakte “New York’s 529 College Savings Program” nan 877-697-2837.

Si yo resevwa òdonans ou an pa lapòs an bon kondisyon avan 4:00pm ET, l ap soti sou kont ou a nan demen. Si yo resevwa li an bon kondisyon aprè 4:00pm ET nan yon jou ouvrab, l ap soti sou kont ou nan apre.

NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak ekonomi NYC Kids RISE Inc., mete sou pye, se yon òganizasyon charitab, ki an patenarya avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak Vil Nouyòk la. NYC Kids RISE pa ni afilye, ni yon distribitè otorize Pwogram Ekonomize pou inivèsite 529 Nouyòk epi li pa mande envèstisman oswa bay konsèy envèstisman. Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pa ofri okenn apwobasyon oswa rekòmasyon konsènan, epi yo pa kontwòle, ni posede oswa afilye avèk manadjè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite 529 Nouyòk ni okenn inivèsite patikilye oswa lòt investisè, ki gen ladan sa yo ke fanmi yo kapab atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite an.